

TOUAZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

PRÉMIÉ SÉKSION

Vokasion moun-nan : lavi nan Éspri-a

PRÉMIÉ CHAPIT

Dignité moun-nan kòm moun

ATIK 2

Vokasion-nou pou béatitud-la (Nou fèt pou kontantman an plin-an)

I. Béatitud-yo

1716 Béatitud-yo nan kè prédikasion Jézu-a. Sa y-ap anonsé-a sé promès yo té fè pou pèp yo chouazi-a dépi Abraam-nan li réprann yon lòt foua. Anons sa-a fè promès sa-yo rivé nan aboutisman yo antan yo pa vizé jouisans tè-a sinpléman min yo vizé Rouayòm sièl-yo :

« Ala kontantman pou moun ki pòv-yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-roua sièl-yo yé.

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé-yo, paské y-ap konsolé.

Ala kontantman pou moun ki dou-yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a.

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis-la, paské y-ap jouinn satisfaksion.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd-yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt-yo, paské y-ap ouè Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap souffri pèsékision poutèt jistis-la, paské sé pou yo péyi-roua sièl-yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè

y-ap di tout kalité sa-k mal kont nou, antan y-ap fè manti, akòz mouin.
Fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl-yo ; sé konsa réyèlman yo té pèsékité profèt-yo ki té la anvan nou-yo » (*Mt 5,3-12*).

- 1717 Béatitud-yo désiné pòtré vizaj Jézu-Kri épi sé yon déskripsion charité-l
459 la; y-ap éksprimé vokasion fidèl-yo ki asosié nan gloua soufrans li-a ak Réziréksion-l nan; y-ap kléré aksion ak karakteristik patikilié lavi krétyin-an; yo sé promès moun pa t-ap atann k-ap soutni éspérans-la nan 1820 tribilasyon-yo ; y-ap anonsé yon fason voualé bénédiksion dispip-yo épi rékonpans yo déja gin asirans y-ap jouinn-nan ; yo kòmansé réalizé nan lavi Mari ki vièj épi nan tout sin-yo.

II. Anvi jouinn lavi an plin-an

- 1718 Béatitud-yo korésonn ak dézi natirèl pou kontantman an plin-an. Dézi
27, 1024 sa-a sé nan Bondié li soti; Bondié mété-l nan kè moun-nan pou-l ralé-l vîn jouinn li-minm minm paské sé li-minm sèl ki kapab ranpli-l :

« Sètènman nou tout nou vlé viv nan kontantman an plin-an, épi pa gin pèsonn nan ras moun-nan ki pap dakò ak déklarasion sa-a anvan minm yo t-a fîn di-l » (S. Augustin, mor. eccl. 1, 3, 4 : PL 32, 1312).

- 2541 « Kòman donk pou-m chèché-ou, Granmèt ? Réyèlman lè m-ap chèché-ou, ou minm Bondié mouin, sé lavi nan kontantman an plin-an m-ap chèché. Sé pou-m chèché-ou, pou nanm mouin ka viv. Sé nanm mouin réyèlman ki fè kò-m viv épi sé ou-k fè nanm mouin viv » (S. Augustin, conf. 10, 29).

« Sé Bondié sèl réyèlman ki rasazié nou » (S. Thomas d'A., symb. 1).

- 1719 Béatitud-yo dévoualé finalité égzistans moun-nan, dènié aboutisman
1950 aksion moun-yo : Bondié rélé nou nan pròp kontantman-l lan. Apèl sa-a dirijé bay chak moun pèsonèlman, min tou bay tout l'Égliz-la, nouvo pèp moun ki résevoua Promès-la épi k-ap viv li nan lafoua-a.

III. Béatitud krétyin-an (Kontantman an plin krétyin-an)

- 1720 Nouvo Téstaman-an anplouayé pliziè éksprésion pou-l indiké
1027 kontantman an plin Bondié rélé chak moun vîn ladan-l nan : Avènman Rouayòm Bondié-a (cf. Mt 4, 17) ; vizion Bondié (ouè Bondié) : « Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt-yo, paské y-ap ouè Bondié » (Mt 5, 8 ; cf. 1 Jn 3, 2 ; 1 Co 13, 12) ; antré nan kè kontan Granmèt-la (cf. Mt 25, 21. 23) ; antré nan répo Bondié-a (He 4, 7-11) :

« La nou pral répozé épi nou pral ouè, n-ap ouè épi n-ap rinmin, n-ap rinmin épi n-ap fè louanj. Min kisa k-ap san fin alafin. Réyèlman ki lòt finalité pou nou t-a ginyin si sé pa rivé nan Rouayòm ki pa gin okinn finisman-an ? » (S. Augustin, civ. 22, 30).

1721 Réyèlman Bondié mété nou sou tè-a pou nou konnin Bondié, pou nou sèvi-l épi pou nou rinmin-l épi pou konsa nou rivé nan paradi-a. Kontantman an plin-an fè nou « vîn patisipé nan sa Bondié yé-a » (1 P 1, 4) épi nan lavi pou tout tan-an (cf. Jn 17, 3). Avèk li, moun-nan antré nan gloua Kris-la (cf. Rm 8, 18) ak nan jouisans lavi Trinité-a.

1722 Kalité kontantman anplin sa-a dépasé intèlijans ak sinp kapasité moun-nan kòm moun. Li soti nan yon kado gratis Bondié fè. Sé poutèt sa, yo di li “surnaturèl”, tankou lagras-la ki dispozé moun-nan pou-l antré nan jouisans ak Bondié-a.

260
294 « Ala kontantman pou moun ki gin kè-yo nè, paské y-ap ouè Bondié ». Min sètènman, dapré grandè li-a ak gloua li-a pa gin mo pou yo t-a rakonté-l la, « pèsonn pa kapab ouè Bondié épi pou-l t-a viv », réyèlman yo pa kapab kapté Papa-a ; min akoz rinmin ak byinvéyans li-a épi paské li kapab fè tout bagay-la, minm sa-a tou li bay moun ki rinmin-l yo, sètadi pou yo ouè Bondié [...] : paské “sa ki inposib pou moun-yo, yo posib pou Bondié” » (S. Irénée, hær. 4, 20, 5).

1723 Kontantman an plin yo promèt nou-an mété nou dévan choua moral ki désizif. Li invité nou pròpté kè-nou sot nan mové instin-yo épi chèché rinmin Bondié-a anlè tout bagay. Li aprann nou véritab kontantman-an sé pa nan richès épi viv alèz li rété ni nan gloua moun oubyin pouvoua, ni nan okinn travay moun-nan, minm si-l t-a itil anpil, tankou sians-la, téknik yo ak aktivité artistik-yo, ni nan okinn kréati, min nan Bondié sèlman, li-minm ki sous tout byin ak tout rinmin :

227 « Richès-yo sé yon gran divinité yo yé jodi-a ; sé dié sa-a pakèt moun, tout mas lèzòm, ap rann omaj spontanéman. Y-ap méziré kontantman an plin-an dapré kantité kòb épi sé dapré sa tou yo méziré si yon moun mérité onè-rèspè. [...] Sa soti nan konviksion nou ginyin-an [...] ki fè nou pansé tout bagay-yo posib ak richès-yo. Sé poutèt sa richès-yo sé youn nan zidòl jodi-a épi rénomé-a sé yon lòt. [...] Rénomé-a, pou moun konnin nou épi pou nou fè bri sou tè-a rivé jous nan pouin pou yo konsidéré-l kòm yon byin nan li-minm, yon byin ki dépasé lòt-yo, épi yo gin yon véritab vénérasyon pou li. [...] Yo t-a kapab rélé-l rénomé pou yon jou nan laprès » (Newman, mix. 5, sur la sainteté).

1724 Dékalòg-la, Sèmon sou Mòn-nan épi katéchèz Apot-yo dékri pou nou chémin-yo k-ap minnin nan Rouayòm sièl-yo. Nou angajé nou nan chémin sa-yo pazapa ak aksion n-ap fè chak jou, antan lagras Éspri-Sin-an soutni nou. Antan paròl Kris-la ap donnin nan nou, ofiamézi nou poté frui nan l’Égliz-la pou gloua Bondié (cf. parabòl moun k-ap simin-an : Mt 13, 3-23).

RÉZIMÉ

1725 *Béatitud-yo réprann promès Bondié té fè-yo dépi Abraam-nan épi yo fè yo rivé nan pèféksion antan yo orienté nan diréksion Rouayòm sièl-*

yo. Yo korésponn ak dézi lavi an plin Bondié té mété nan kè moun-nan.

- 1726 *Béatitud-yo aprann nou nan ki dènié finalité Bondié rélé nou-an : Rouayòm-nan, vizion Bondié-a, patisipasion nan sa Bondié yé-a, lavi tout tan-an, vîn pitit-la (filiasion-an) épi répo nan Bondié-a.*
- 1727 *Kontantman anplin lavi tout tan-an sé yon kado gratis Bondié fè ; li surnaturèl minm jan ak lagras ki minnin ladan-l nan.*
- 1728 *Béatitud-yo mété nou dévan choua ki désizif parapò a byin tè-a ; béatitud-yo pròpté kè-nou épi aprann nou rinmin Bondié plis pasé tout bagay.*
- 1729 *Kontantman an plin sièl-la ba nou kritè pou nou disèné kijan pou-n sèvi ak byin tè-a dapré Laloua Bondié-a.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
après-a](#)